

Ou tande pale apwopo yon Kont Epay 529 pou Fakilte?

Nan BMC, nou ka sipòte ou nan ekonomize pou lavni timoun ou an. Nou konprann leve timoun gen anpil estrès sou plan finansye e nou konnen yo tèlman gen potansyèl, donk nou vle ede ou atenn objektif ou yo.



ETAP TOU
PITI

MA ap ba ou \$50 si ou louvri yon kont epay 529 pou fakilte nan premye ane bebe ou an fèt oswa adopte an.

Se yon kont ki pa p gen enpo ki pran sou li ki ka ede lajan ou grandi pi rapid pase kont regilye yo. Ou pa pèdi avantaj lè ou ekonomize lajan nan kont sa yo.

Pa gen okenn frè ki asosye ak ouvèti yon kont, e li sèlman pran anviwon 10 minit.



ANN PALE
LAJAN

Si ou ekonomize \$5 chak mwa apati kounya, timoun ou an ap gen \$2,166 ki mete la pou fakilte lè l gen 18 lane, men si ou ret tann jouk li gen 5 lane, ou ap sèlman gen mwayen nan sa!

Ou ka louvri yon kont Epay 529 pou Fakilte nenpòt lè, men ou ap sèlman resewa \$50 kapital inisyèl nan men Eta Massachusetts lan si ou louvri kont lan nan espas premye lane nesans oswa adopsyon timoun ou an.



SA OU
BEZWEN

Nimewo sekirite sosyal timoun ou an (SSN)

Nimewo sekirite sosyal (SSN) ou an oswa yon SSN pou yon manm fanmi ou fè konfyans ki ta ka jere kont lan

Yon òdinatè pòtab pou louvri kont lan sou sit entènèt Fidelity an (si ou chwazi ouvri kont lan pou kò ou)

StreetCred ka ede:



KALITE:
ASISTANS

Kèlkeswa sa ou vle fè an, nou ka ede! Nou ofri sèvis sou entènèt, nan telefòn, ak asistans fasafas. Nou sousye pou ou e nou vle ede ou ekonomize pou lavni timoun ou an!

Randevou: info@mystreetcred.org; nou ap reponn ou nan espas 48 èdtan.



ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK



www.mystreetcred.org



(617) 414 - 5170



info@mystreetcred.org